# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–18 मई 2024** **भोजपुरी समाचार**

लोकसभा चुनाव के पंचवा फेरा बदे परचार अभियान आजु संझा खतम हो गइल। येह फेरा में प्रदेस के चौदह सीटिनि पर बीस मई के ओटि परी। ई सीटि हइनि–मोहनलालगंज, लखनऊ, रायबरेली, अमेठी, जालौन, झांसी, हमीरपुर, बांदा, फतेहपुर, कौशाम्बी, बाराबंकी, फैजाबाद, कैसरगंज अउर गोण्डा। निस्पक्ष अउर पारदर्शी तरीका से पंचवा फेरा के चुनाव संपन्न करावे खातिर येह संसदीय क्षेत्रन में बिहने पोलिंग पारटी रवाना कइल जाइ। येह फेरा क सीटिन पर परचार अभियान के आखिरी दिन्ने सज्जों राजनीतिक दलन क स्टार परचारक रैली कइले अउर लोगिन से अपने पारटी ओम्मेदवार के पक्ष में ओट दिहले क अपीलि कइले।

**********

लोकसभा चुनाव बदे कइ गो राजनीतिक दलन के सीनियर नेता अउर स्टार परचारक अजुओ अलगि–अलगि संसदीय क्षेत्रन में चुनाव परचार कइले। भारतीय जनता पारटी क सीनियर नेता अउर रक्षामंत्री राजनाथ सिंह झांसी अउर बस्ती में चुनावी रैलियन के संबोधित कइले। बस्ती में चुनावी रैली के संबोधित करत श्री सिंह कहले कि उनकर सरकार जातिवाद अउर परिवारवाद क राजनीति नाही करेला, बलुक देस क राजनीति करेला। मोदी जी के अगुवाइ में चलि रहल सरकार ई साबित कइ दिहले हवे कि भारत कमजोर नाही हौ। सीनियर भाजपा नेता अउर गृहमंत्री अमित शाह ललितपुर अउर बांदा में चुनावी रैली के संबोधित कइले।

कांग्रेस के सीनियर नेता अउर पूर्व मुख्यमंत्री दिग्विजय सिंह लखनऊ में एगो पत्रकारवार्ता में आरोप लगवले कि देस के किसानन क कर्जा माफ नाही भइल, जबकि हजारों करोड़ लेके भागे वाले लोगिन क करजा माफ कइ दिहल गइल। कांग्रेस क स्टार परचारक प्रियंका गांधी अउर भाजपा क स्टार परचारक हेमा मालिनी रायबरेली में लोगिन से जन संपर्क कइ के ओटि मगलिन। सपा प्रमुख अखिलेश यादव इण्डिया गठबधंन के सपा ओम्मेदवार के पक्ष मे बलरामपुर जिला में चुनावी सभा के संबोधित कइले। उहां के कहलिन कि जो त गठबंधन क सरकार बनि त किसानन के पूरा करजा माफ कइल जाइ अउर नवजवानन के नौकरी दिहल जाइ। श्री यादव इहो कहले कि ई चुनाव संविधान के बचावे क चुनाव हौ। उहां के अजोध्या में चुनावी जनसभा के संबोधित कइलीं।

बसपा सुप्रिमों मायावती बस्ती में चुनावी रैली के दौरान कहलिन कि बहुजन समाज पारटी अपने बलबूते चुनाव लडि रहल हवे। कांग्रेस, सपा अउर भारतीय जनता पारटी की ओरि से कई गो पारटियन क गठबंधन कइ के चुनाव लड़ल जा रहल हवे। बसपा बिना जातीय भेदभाव के ओम्मेदवारन के चुनाव में उतारले हवे।

**********

हाईकोट क लखनऊ पीट अलगि–अलगि आतंकी संगठन से कनेक्सन के आरोप में गिरफ्तार ग्यारह आरोपियन के ससर्त जमानत दे दिहले हवे। येह सज्जों लोगिन पर आतंकियन के मद्द क आरोप हवे। जांच एजेंसी के ओरि से नब्बे दिन के भीतर आरोप पत्र दाखिल न कइ पवले के नाते न्यायमूर्ति एआर मसूदी अउर मनीष कुमार निगम क खण्ड पीठ ई फैसला सुनवलस।

**********

जिला जज संजीव पाण्डेय क अदालति वाराणसी के ज्ञानवापी से जुड़ल मामिलन क सुनवाइ खातिर ओनतीस मई क तारीख तय कई दिहले हवे। काशी विश्वनाथ मंदिर न्यास की ओरि से डारल गइल एगो याचिका के जरिया से व्यास जी के तहखाना के छत क मरम्मति कइले क मागि कइल गइल हवे। येह मामिला में सुनवाइ के दौरान आजु दुन्नू पक्षन की ओरि से आपन–आपन दलील पेस कइल गइल एकरे अलावा ज्ञानवापी परिसर के बचल जगहि क सर्वे से जुड़ल एगो अउरियों मामिलों क सुनवाइ कइल गइल।

**********

देस क पूर्व राष्ट्रपति रामनाथ कोविन्द परिवार के साथे आजु अजोध्या में रामलला के दरसन पूजन कइले। उहां के परिसर में बनल कुबेर टीलों क दरसन कइली। येह से पहिले श्री कोविंद हनुमान गढ़ी पर पूजा अरचना कइले अउर रायगंज में दिगम्बर जैन मंदिर में ज्ञानमती माता क आसिरबाद लिहले। दुइ दिवसीय परवास पर अजोध्या पहुंचलि पूर्व राष्ट्रपति बिहने परिवार के साथे सरयू तट पहुंचि के सरयू आरती मे हिस्सों लिहले उहां के कहली कि सरयू आरती में हिस्सा लिहल अपने आप में एगो दिव्य अनुभूति हवे।

**********

प्रदेस के कइगो जिलन में भीषण गरमी अउर हीट वेव क परकोप कायम बा। येह बिच्चे मौसम विज्ञान विभाग अगिला तीन दिनन में हीट वेव जारी रहले क आगम जतवले हवे मौसम वैज्ञानिक मोहम्मद दानिश बतवले कि पूर्वी उत्तर प्रदेश के गोरखपुर अउर लग्गे के जिलन में येह बिच्चे दिन क अधिकतम तापमान चउवालिस डिगरी ले पहुंचि सकेला। उहां के अगिला एक्कइस से ले के तेइस मई के बिच्चे पूरबी उत्तर प्रदेस के कुछु जिलन में हल्लुकाहे बरखो क अनेसा जतवले हवे।

**********

आजु अन्तर्राष्ट्रीय संग्रहालय दिवस हवे। विस्व के संग्रहालयन के रचनात्मक कोसिसन के एकजुट कइले अउर उनकरे गतिविधियन के बारे में वैस्विक जागरूकता बढ़ावे बदे एके हर सालि अठारह मई के मनावल जाला। येह बरिस अन्तर्राष्ट्रीय संग्रहालय दिवस "शिक्षा और अनुसंधान के लिये संग्रहालय" थीम के साथे मनवल जा रहल हवे। येह कड़ी में आजु कुशीनगर जिला के राजकीय बौद्ध संग्रहालय में "वर्तमान समय में संग्रहालय का महत्व" बिसय पर संगोस्ठी क आयोजन कइल गइल। ई आयोजन राजकीय बौद्ध संग्रहालय कुशीनगर अउर बुद्ध पीजी कॉलेज के राष्ट्रीय सेवा योजना मिलि के कइलस।

**********